



Pou Piblikasyon Imedya: 01/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE TOUT GWROUP TRAVAY VAKSEN ETA A
REKÒMANDE VAKSEN J&J A NAN OKAZYON YON ANE ANIVÈSÈ PREMYE KA
COVID NAN ETA NEW YORK**

Yo prevwa 164,800 dòz vaksen Johnson & Johnson nan Eta New York semèn sa a

Vaksen yon sèl dòz la gen egzijans estokaj ki mwens restriktif

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke tout Gwoup Travay Konsiltatif Klinik Eta New York la rekòmande itilizasyon vaksen COVID-19 Janssen Pharmaceuticals/Johnson & Johnson's nan Eta New York, apre rekòmandasyon komite konsiltatif FDA a pou otorizasyon itilizasyon dijans. New York prevwa pou li resevwa apwoksativman 164,800 dòz vaksen Johnson & Johnson semèn sa a, nou ap tann otorizasyon final FDA. Dòz ki ajoute yo pral konplete apwovizyonman 12yèm semèn Eta New York ki prevwa ki se 422,780 premye dòz ak 290,500 dezyèm dòz nan Pfizer ak Moderna, pou yon total ki se anviwon 878,080 dòz. Se pral alokasyon vaksen chak semèn nan Eta New York ki pi wo ki te janm anrejistre.

"Jodi a fè yon ane, trajedi inimajinab pou COVID-19 la te kòmanse pou Nouyòkè yo. Nou te fè fas ak gwo doulè ak pèt pandan 365 jou pase yo men gen yon rezon pou nou gen lespwa pou lavni, epi rekòmandasyon Gwoup Travay Konsiltatif Klinik eta a pou pwochen vaksen an pou COVID fè pati rekiperasyon pwogresif aktyèl la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Vaksen yon sèl piki Johnson & Johnson's lan ki gen egzijans estokaj ki mwens restriktif pral rann li pi fasil pou eta a atenn plis Nouyòkè, pi rapid. Gen anpil travay toujou, men apwobasyon vaksen sa a ba nou rezon pou nou otimis pandan n ap vanse nan yon avni apre COVID."

Vaksen Johnson & Johnson lan se yon sèl dòz epi gen mwens restriksyon nan estokaj li. Eta New York ap finalize plan pou priyozasyon vaksen an ak distribisyon avèk patnè yo.

Nan dat 24 septanm 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke [Eta New York ta fòme yo Gwoup Travay Konsiltatif Klinik endepandan](#) ki gen ladan syantifik, doktè ak ekspè sante premye plan ki pral revize vaksen COVID-19 ke gouvènman federal la otorize, epi pral konseye Eta New York sou sekirite ak efikasite vaksen an nan konbat viris la. Gwoup travay la te rekòmande annapre vaksen Pfizer ak Moderna a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)